

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: (1) lokasi jeung sumber data panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) métode panalungtikan, (4) wangenan operasional, (5) instrumén panalungtikan, jeung (6) téhnik panalungtikan.

3.1 Lokasi jeung Sumber Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA Negeri 1 Sukaresmi anu aya di Jl. Mariwati KM.4 Kec. Sukaresmi Kab. Cianjur.

3.1.2 Populasi Panalungtikan

Anu jadi populasi ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas X SMA Negeri 1 Sukaresmi taun ajar 2012-2013, dina pangajaran nulis aksara Sunda. Sangkan leuwih jéntré titénan dina tabel di handap ieu.

Tabel 3.1

Jumlah Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi

No.	Kelas	Jumlah		Σ
		L	P	
1	X 1	17	22	39
2	X 2	17	22	39
3	X 3	18	21	39
4	X 4	17	21	38
5	X 5	18	20	38
6	X 6	18	21	39
7	X 7	17	21	38
8	X 8	19	20	39
9	X 9	18	21	39

Elsi Juliar, 2013

Kaéféktifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

3.1.3 Sampel Panalungtikan

Dina nangtukeun sampel nu ditalungtik dicokot ku cara maké tehnik random sampling. Random sampling anu dipaké dina ieu panalungtikan nya eta *simple random sampling*. Ku sabab sakabéh individu kelas X SMA Negeri 1 Sukaresmi ngabogaan peluang anu sarua pikeun dijadikeun anggota sampel. Nangtukeun anggota sampel dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara dikoclok. Sangkan leuwih jéntré jumlah anggota sampel anu dipilih titénan tabel di handap ieu.

Tabel 3.2
Jumlah Sampel

Kelas	Siswa		Σ
	L	P	
X 1	17	22	39
X 2	17	22	39

3.2 Desain Panalungtikan

Arikunto (2006:22-23) nétélakeun yén desain panalungtikan mangrupa prosés anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Desain panalungtikan aya tilu rupa, nya éta (1) *one shot study*, (2) *pretest-posttest*, jeung (3) *static group comparison*. Lian ti éta Syaodih, 2005: 315 nétélakeun yén desain panalungtikan mangrupa prosedur atawa léngkah-léngkah anu ditempuh dina ngumpulkeun jeung nganalisis data, aya métode panalungtikan, sumber jeung tehnik ngumpulkeun data anu digunakeun, analisis jeung interprétasi data.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode eksperimen. Syaodih, (2005: 57) nétélakeun yén “ panalungtikan éksperimen mangrupa panalungtikan laboratorium, sanajan bisa ogé dilakukeun di luar laboratorium, tapi

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran

Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

dina prak-prakanna nerapkeun prinsip-prinsip panalungtikan laboratorium, utamana dina ngontrol hal-hal anu dipangaruhan jalanna ékspérimén “.

Métode ékspérimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku desain *Randomized Posttest- Only Comparison Group Design*, nya éta modél desain ékspérimén ieu sarupa jeung desain ékspérimén kelompok pembandingan prates-pascates beracak tapi tanpa tes mimiti. Sangkan leuwih jéntré titénan dina tabél di handap.

Tabel 3.3

Métode Panalungtikan

Kel.	perlakuan	Pascates
X 1	A	O ₁
X 2	B	O ₂

(Syaodih, 2005: 206)

Katerangan:

X 1 = Kelas X 1

X 2 = Kelas X 2

A = Treatment (perlakuan ngagunakeun modél *Make-A Match*)

B = Treatment (perlakuan ngagunakeun modél *Explicit Intruction*)

O = Pascates (hasil observasi saanggues perlakuan)

3.3 Métode Panalungtikan

Métode asal kecapna tina bahasa Yunani nya éta “*methodes*” anu hartina jalan atawa cara. Arikunto (2006: 160) nétélakeun yén “métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan”.

Syaodih (2005:315) nétélakeun yén “ékspérimén murni nya éta panalungtikan ékspériméntal kelompok control jeung kelompok ékspériméntalna bener-bener homogin kusabab kabéh karakteristikna disaruakeun atawa dikontrol”.

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran

Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Métode dina ieu panalungtikan nya éta métode ékspérimén murni anu tujuan dina ieu panalungtikan nya éta ngabandingkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa dina ngagunakeun modél *Explicit Instructon* jeung modél *Make-A Match*.

3.4 Wangenan Operasional

Judul tina ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap kalayan tujuan pikeun nyingkahan ayana kasalahan tafsir pamaca.

1) Modél *Make-A Match*

Modél *Make-A Match* dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran anu digunakeun pikeun ngalarapkeun pangajaran nulis aksara Sunda ku cara: a) ngelompokkeun kartu anu eusina aksara Sunda kaganga, b) nyieun label jeung kategori nu luyu jeung kelompok aksara Sunda kaganga, c) ngaidentifikasi hubungan-hubungan anu penting dina kartu, jeung d) ngadumaniskeun kartu anu dibagikeun ka siswa kana kategori anu aya.

2) Modél *Explicit Instruction*

Modél *Explicit Intruccion* dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran anu digunakeun pikeun ngalarapkeun pangajaran nulis aksara Sunda ku cara: a) ngajelaskeun konsep atawa kaparigelan ngeunaan cara nulis aksara Sunda kaganga, b) presentasi visual dina prak-prakkan nulis aksara Sunda kaganga, c) prakték langsung nulis aksara Sunda ku cara semi-independen, jeung d) prakték mandiri.

3) Nulis Aksarsa Sunda

Dina ieu panalungtikan aksara Sunda kaganga nya éta hasil tulisan siswa kelas X1 anu ngalarapkeun model pangajaran *Explicit Intruccion* jeung X2 anu ngalarapkeun model pangajaran *Make-A Match* di SMA N 1 Sukaresmi

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruccion Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Bisa dicindekkeun yén maksud tina judul “ kaefektivan modél *Explicit Intruction* jeung modél *Make-A Match* dina pangajaran nulis aksara Sunda” nya éta pikeun ngabandingkeun modél anu leuwih éfektif dina nulis aksara Sunda

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta instrument tés. Instrument tés nya éta alat ngumpulkeun data anu sifatna ngukur, ngahasilkeun data hasil ukur (Syaodih, 2005:316). Arikunto (2009:53) nétélakeun yén tés mangrupa saruntuyan patalékan atawa latihan nu dipaké pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipibanda ku pribadi atawa kelompok.

Tes anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés paréntah pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda anu ngagunakeun modél *Explicit Instruction* jeung modél *Make-A Match*. Tés anu dilaksanakeun sakali tés nya éta saangeus di treatment maké modél *Explicit Instruction* jeung modél *Make-A Match*. Sangkan leuwih jéntré conto tés paréntahna, titénan di handap ieu.

Tés Nulis Aksara Sunda

SMA N 1 Sukaresmi

Taun Ajar 2012-2013

1. Eusi biodata di handap ku aksara Sunda kaganga kalayan gemet !
 - a. Wasta:
 - b. Kelas:
 - c. Padumukan:
 - d. Tempat:
Ping Gumelar:
 - e. No. Telepon:
2. Tuliskeun pangalaman hidep nalika asup ka SMA Negri 1 Sukaresmi?
(minimal 5 jajar)!

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

3.6 Tehnik Panalungtikan

Tehnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku tehnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

3.6.1 Tehnik Ngumpulkeun Data

Tehnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tehnik tés. Tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina pangajaran nulis aksara Sunda kaganga ka kelas X1 anu ngalarapkeun model pangajaran *Explicit Intruction* jeung X2 anu ngalarapkeun model pangajaran *Make-A Match* di SMA N 1 Sukaresmi.

3.6.2 Tehnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun tuluy diolah pikeun dianalisis sangkan bisa ngahasilkeun kacindekan. Kagiatan ngolah data ngawengku sababaraha kagiatan saperti di handap.

- a. Mariksa hasil tés dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa tina posttest, sarta nyirian anu salahna.
- b. Méré Peunteun hasil tés ahir, kalawan ngagunakeun rumus :

$$P = \frac{\Sigma B}{\Sigma KT} \times 100$$

Keterangan :

P = Peunteun

ΣB = Peunteun anu kahontal

ΣKT = peunteun maksimal

Kategori = peunteun ≥ 70 , siswa dianggap mampu nulis guguritan
peunteun ≤ 70 , siswa dianggap can mampu nulis guguritan.

Tabel 3.4

Peunteun Tes

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Model Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

No.	Ngaran	Skor (1-5)						R	Σ
		Aksara swara	Aksara ngalagena	Angka	Rarangkén	Nyusun kalimah	Karapihan nulis		
1									
2									
....									

- c. Ngasupkeun data nu mangrupa peunteun tés ahir kana tabel ieu di handap.

Tabel 3.5
Tabel Peunteun Siswa

No.	Ngaran Siswa X1	Peunteun Ahir							Ngaran Siswa X 2	Peunteun Ahir							
		A	B	C	D	E	F	Σ		A	B	C	D	E	F	Σ	
1																	
2																	
3																	
.....																	

Katerangan:

A = Bisa ngabédakeun aksara swara

B = Bisa ngabédakeun aksara ngalagena

C = Bisa ngabédakeun Angka

D = Bisa ngabédakeun rarangkén

E = Bisa nyusun kalimah maké aksara Sunda

F = Karapihan tulisan

Σ = Jumlah skor

- d. Data tuluy dianalisis pikeun nguji hipotesis, carana saperti di handap.

- 1) Uji Normalitas

Elsi Juliar, 2013

Kaéféktifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran

Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Tujuan dina ieu uji normalitas pikeun ngayakinkeun kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal. Salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat anu normal atawa teu normal, bisa digunakeun rumus Chi kuadrat (X^2).

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005:277)

2)

Uji Homogenitas

Tujuan dina uji homogenitas pikeun mikanyaho homogen atawa henteuna variansi sampel tina populasi anu sarua. Pikeun nangtukeun homogen henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah dihandap ieu:

a. hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F kalawan ngagunakeun rumus:

$$F_{hitung} = S^2_b \div S^2_k$$

b. nangtukeun derajat kebebasan

$$Dk = n - 1$$

c. nangtukeun homogen henteuna data dumasar kana kriteria

$F_{itung} < F_{tabel}$ variansi sampel homogen, $S^2_b = S^2_k$, tapi upama

$F_{itung} > F_{tabel}$ hartina data teu homogen.

Nangtukeun F_{tabel} kalawan tingkat kapercayaan 99%.

3) Uji Hipotesis

pikeun mikanyaho ayana parobahan anu signifikan atawa henteu tina skor nu geus kakumpul, Diayakeun uji-t. Uji-t mangrupa statistik anu bisa dipaké pikeun nguji bédana atawa henteuna dua kelompok anu béda. Uji béda dilaksanakeun sabada data diuji normalitas jeung homogenitas variansina. Nangtukeun nilai t tina tabel distribusi t, maké rumus:

Elsi Juliar, 2013

Kaéféktifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran

Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

$$t = \frac{\bar{X}_1 - \bar{X}_2}{\sqrt{\frac{S_1^2}{N_1} + \frac{S_2^2}{N_2}}}$$

Keterangan:

X_1 = Skor rata-rata kelompok *Make-A Match*

X_2 = Skor rata-rata kelompok *Explicit Instruction*

S_1^2 = Varians sampel kelompok *Make-A Match*

S_2^2 = Varians sampel kelompok *Explicit Instruction*

$N_1=N_2$ = Jumlah anggota sampel

$t_{Hitung} < t_{Tabel}$ hartina parobahan signifikan

$t_{Hitung} > t_{Tabel}$ hartina parobahan teu signifikan

(Sudjana, 2005:243)

Elsi Juliar, 2013

Kaéfektifan Modél Make- A Match Jeung Model Explicit Intruction Dina Pangajaran

Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Eksperimen ka Siswa Kelas X SMA N 1 Sukaresmi Taun Ajar 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu